

Lè Ou Ale, Ou Kite Kay La – Yo Fèt Pou Ale Tou Pa Kite Kay Ou San Yo Pa Avèk Ou!

Lè gen yon katastwòf oswa yon kadijans epi ou oblije deplase

TOUJOU mennen bèt lakay ou yo avèk ou.

Gen moun ki panse y ap kapab tounen touswit pou pran swen bèt lakay yo, men byen souvan sikonstans lan vin pi mal epi moun yo pa kapab tounen pou sove bèt lakay yo.

Pa mete lavi bèt lakay ou yo, lavi pa w, oswa lavi sekouris yo nan danje.

Lè Ou Ale, Ou Kite Kay La – Yo Fèt Pou Ale Tou.

"Kenbe bèt lakay ou yo an sekirite!" (Keep your Pets Safe!)

Keep Your Pets Safe!



Sous: FEMA
Foto ki parèt nan nouvèl

Si w ale nan yon ebèjman piblik lè gen yon kadijans yo kapab pa aksepte bèt lakay ou nan ebèjman an.

Reflechi davans. Ou dwe mete yon plan an plas.

Fè yon lòt plan pou sizoka ou pa ka pran swen bèt ou yo. Devlope yon sistèm pou kolaborasyon ak vwazen ou yo, zanmi w yo ak fanmi w yo pou w ka konnen ou gen yon moun ki disponib pou pran swen oswa pou fè bèt ou yo soti deyò si w pa kapab fè sa.

Patisipe nan *Local Emergency Planning Committee* [Komite pou Planifikasyon nan Kadijans nan Zòn kote w rete a] (LEPC). Fè w manm nan *Community Emergency Response Team* [Komite ki Pote Sekou nan Kadijans nan Kominote a] (CERT). Bay èd ou nan plan pou ebèjman bèt nan kominote w la. Kontakte *Animal Control Officer* [Ajan ki Gen Kontwòl sou Bèt] la oswa lakomin nan zòn lan pou w ka konnen kouman ou kapab ede.

Pou aprann plis enfòmasyon sou kouman ou kapab prepare tèt ou ak sou kouman pou w fè volontè, vizite sitwèb *State of Massachusetts Animal Response Team* [Ekip ki Pote Sekou pou Bèt nan Eta Massachusetts] (SMART) la

nan www.smart-mass.org



Planifikasyon, Entèkansyon, Rekiperasyon
pou Bèt Lè Gen Yon Katastwòf